# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–04 मई 2025 भोजपुरी समाचार

निर्वाचन आयोग एगो सिंगल–प्लेटफार्म ऐप ईसीआईएनईटी क सुरूआति करी, जवन चुनाव से जुड़ल सज्जो सेवा के एक्के जगहि उपलब्ध कराई। ई ऐप निर्वाचन आयोग क मौजूदा चालीस से बेसी मोबाइल अउर वेब एप्लिकेसनन के एक साथे ले आई। ई मतदाता, चुनाव अधिकारियन, राजनीतिक दलन आ अउरियो हितधारकन बदे एगो नया डिजिटल इंटरफेस होई। एहसे उपयोगकरता लोगिन के ढेर सारा ऐप डाउनलोड कइले से राहति मिली।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में कृषि विभाग के कार्यन क समीक्षा कइलें। श्री योगी कहलें कि नया भारत क नया उत्तर प्रदेस में कृषि खाली जीविका नाही हवे बलुक समृद्ध अउर आत्मनिरभरता क आधार बनी। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने कहा है कि वर्ष 2016–17 में प्रदेश में जहां खाद्यान्न उत्पादन 557.46 लाख मीट्रिक टन था, वह 2024–25 में बढ़कर 725.12 लाख मीट्रिक टन से अधिक हो गया है। मुख्यमंत्री ने इस उपलब्धि को नई ऊंचाइयों तक ले जाने का संकल्प दोहराया। बीज की गुणवत्ता और उपयुक्तता पर विशेष जोर देते हुए मुख्यमंत्री ने निर्देश दिए कि जलवायु क्षेत्रों (क्लाइमेटिक जोन) के अनुसार बीज विकसित किए जाएं। समाचार कक्ष से विवेक सिंह**

ओहर पसुपालन अउर दुग्ध विकास विभाग क समीक्षा बइठकी में मुख्यमंत्री फरिया के कहलें कि निराश्रित गोवंस संरक्षण केन्द्रन के आत्मनिरभर बनावे बदे ठोस प्रयास कइल जाव। उहां क कहलीं कि गोबर से बनल प्राकृतिक पेंट क प्रयोग सरकारी इमारतो में कइल जाव अउर एइसन पेंट प्लांट्स क संख्या बढ़ावल जाव।

**********

नोएडा में आजु रन फॉर वन नेशन, वन इलेक्शन कार्यक्रम क सुभारम्भ भइल। कार्यक्रम क सुरूआति केन्द्रीय कृषि अउर किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कइलें। येह मौका पर श्री सिंह कहलें कि बेरि–बेरि चुनाव विकसित भारत के निरमाण क राहि में रोड़ा हौ।

**नोएडा की सड़कों पर जनसैलाब था। बच्चे हों, बेटे–बेटियां हों, युवक हों या बुजुर्ग हों, सब एक संकल्प लेकर निकले कि संविधान में संशोधन करके लोकसभा और विधानसभा के चुनाव हर 5 साल में एक साथ एक बार होने चाहिए... बार–बार होने वाला चुनाव विकसित भारत के निर्माण सबसे बड़ी बाधा है। लगातार चुनाव के कारण विकास ठप्प होता है, जनकल्याण बाधित होता है और योजनाएं प्रभावित होती हैं।**

येह मौका पर भाजपा क राष्ट्रीय महामंत्री सुनील बंसल कहलें कि पुरा भारत में वन नेशन, वन इलेक्शन क आयोजन कइल जा रहल हौ। येह बिसय में जनसमर्थन हासिल करे बदे अभियान सुरू कइल गइल हौ।

**********

मुंबई में चलि रहल वर्ल्ड ऑडियो विजुअल एंटरटेनमेंट समिट–वेव्स दुइ हजार पचीस आजु सम्पन्न हो गइल। चारि दिन के येह सम्मेलन क उद्घाटन प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बियफे के कइले रहलें। कनेक्टिंग क्रिएटर्स, कनेक्टिंग कंट्रीज टैगलाइन वाला ई सिखर सम्मेलन भारत के मीडिया, मनोरंजन अउर डिजिटल नवाचार बदे वैस्विक केन्द्र के रूप में स्थापित कइले क एगो कोसिस रहल। आयोजन में नब्बे से जियादे देसन क दस हजार से बेसी प्रतिनिधि सामिल भइलें।

**********

देस भर में आजु मेडिकल प्रवेस परीक्षा–नीट यूजी दुइ हजार पचीस क सफल आयोजन भइल। ई परीक्षा देस में पांच हजार से बेसी केन्द्रन पर अउर बिदेस में तेरह सहरन में आयोजित भइल। राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए के मोताबिक परीक्षा बदे बाइस लाख से बेसी विद्यार्थी पंजीकरण करवले हवें।

**********

योग साधक पद्मश्री बाबा शिवानंद क काल्हि राति बनारस में सरगबास हो गइल। खराब स्वास्थ्य के नाते उन्हें तीस अपरैल के काशी हिन्दू विश्वविद्यालय अस्पताल में भरती करावल गइल रहे। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बाबा शिवानंद के सरगबास पर दुख जतवले हवें। सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री कहलें कि योग अउर साधना के समरपित योग साधक शिवानंद बाबा क जिनगी देस के हर पीढ़ी के प्रेरित करत रही।

**********

विश्व हिन्दू परिषद की ओरि से निकारल गइल चौरासी कोसी पैकरमा आजु अजोध्या में सम्पन्न हो गइल। बारह अपरैल के मखोड़ा धाम से सुरू भइल येह पैकरमा पांच जिला होत करीब दुइ सौ पैंसठ किलोमीटर लमहर जतरा पूरा कइले हौ। अजोध्या अइले पर पैकरमा क भव्य तरीका से स्वागत कइल गइल।

**********

प्रदेस के चन्दौली, गाजीपुर, बनारस, जौनपुर के सथहीं आसपास के जिलन में मौसम क मिजाज बदलि गइल हौ। आजु भिन्नहीं गरज–चमकि के साथे भइल बरखा से लोगिन के भीसण गरमी अउर घाम से राहति दिहले हौ। मौसम विभाग आजु सिद्धार्थनगर, बलरामपुर, श्रावस्ती, बरेली, पीलीभीत, रामपुर, मुरादाबाद के सथहीं कई जिलन में तेज बेयारि के साथे बरखा अउर ओला गिरले क सम्भावना जतवले हौ।

**********

आईपीएल–दुइ हजार पचीस में आजु दुपहरिया कोलकाता नाइट राइईस अउर राजस्थान रॉयल्स के बिच्चे ईडल गार्डन में मोकाबिला खेलल जा रहल हौ। केकेआर पहिले बल्लेबाजी करत चारि विकेट के नोकसान पर दुइ सौ छौ रन बनवलसि जबकि दुसरा मोकाबिला संझा के लखनऊ सुपर जॉइंट अउर पंजाब किंग्स के बिच्चे धर्मसाला में खेलल जाई।

**********